## ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРЛИГИНИҢ
## БУЙРЫҒЫ

**2021-2022-оқыў жылында улыўма орта билим бериў мәкемелери ушын басып шығарылған сабақлықлар ҳәм оқыў-методикалық қолланбаларын тастыйықлаў баспа ҳәм полиграфиялық кәрханаларға усыныў, басып шығарылған сабақлықлар ҳәм оқыў-методикалық қолланбаларды қабыл етиў ҳәм де улыўма орта билим бериў мәкемелерине жеткериў тәртиби ҳаққында**

Улыўма орта билим бериў мәкемелери ушын 2020-2021-оқыў жылына басып шығарылатуғын сабақлықлар ҳәм оқыў-методикалық қолланбаларның оригинал, аўдарма макетлери ҳәм сигнал нусқаларын тастыйықлаў, тийисли баспа ҳәм полиграфиялық кәрханаларға усыныў, басып шығарылған сабақлықлар ҳәм оқыў-методикалық қолланбаларды белгиленген талаплар тийкарында полиграфиялық сыпатын тексерип қабыл етип алыў, қабыл етип алынған сабақлықлар ҳәм оқыў-методикалық қолланбаларды улыўма орта билим бериў мәкемелерине шекем жеткерип берилиўин тәмийинлеў ҳәм де Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 16-июньдағы 183-санлы буйрығының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

**Б У Й Ы Р А М А Н:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 16-июньдағы "2021-2022-оқыў жылында улыўма орта билим бериў мәкемелери ушын басып шығарылған сабақлықлар ҳәм оқыў-методикалық қолланбаларын тастыйықлаў баспа ҳәм полиграфиялық кәрханаларға усыныў, басып шығарылған сабақлықлар ҳәм оқыў-методикалық қолланбаларды қабыл етиў ҳәм де улыўма орта билим бериў мәкемелерине жеткериў тәртиби ҳаққында"ғы 183-санлы буйрығы басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

2. Төмендегилер:

улыўма орта билим бериў мәкемелери ушын 2021-2022-оқыў жылына басып шығарылған сабақлықлар ҳәм оқыў-методикалық қолланбаларды тастыйықлаў, баспалар ҳәм полиграфиялық кәрханаларға усыныў, басып шығарылған сабақлықлар ҳәм оқыў-методикалық қолланбаларын белгиленген талаплар тийкарында полиграфиялық сыпатын тексерип қабыл етип алыў бойынша жол-жоба 1-қосымшаға муўапық;

улыўма орта билим бериў мәкемелери ушын 2021-2022-оқыў жылына басып шығарылатуғын сабақлықлар ҳәм оқыў-методикалық қолланбаларының полиграфиялық сыпатын тексериў ҳәм де баспа ҳәм полиграфиялық кәрханалардан қабыл етип алыў бойынша эксперт топары қурамы 2-қосымшаға муўапық;

улыўма орта билим бериў мәкемелери ушын 2021-2022-оқыў жылына басып шығарылатуғын мультимедиа қосымшаларының сыпатын тексериў ҳәм қабыл етип алыў бойынша эксперт топары қурамы 3-қосымшаға муўапық;

2021-2022-оқыў жылында улыўма орта билим бериў мәкемелери ушын басып шығарылған сабақлықлар ҳәм оқыў-методикалық қолланбаларын қабыл етиў бойынша эксперт топары тәрепинен рәсмийлестирилетуғын санақ акт үлгиси 4-қосымшаға муўапық;

улыўма орта билим бериў мектебиниң китапхана фондына сабақлықлар ҳәм оқыў-методикалық қолланбаларын қабыл етип алыў акти 5-қосымшаға муўапық тастыйықланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

3. Халк билимлендириў министрлигиниң сабақлықлар ҳәм әдебиятлар секторы (С.Юсупов)на:

сабақлықлар ҳәм оқыў-методикалық қолланбаларын қабыл етиў бойынша исши топар ҳәм де улыўма орта билим бериў мәкемелери ушын 2020-2021-оқыў жылына басып шығарылатуғын сабақлықлардың мультимедия қосымшалардың сыпатын тексериў ҳәм қабыл етиў усы буйрықтың 1-қосымшасы менен тастыйықланған жол-жоба тийкарында шөлкемлестириў;

район(қала)лық халық билимлендириў бөлимлериниң мектеплер кесиминдеги тастыйықланған бөлистириўин «Транспорт ҳәм логистика» Мәмлекетлик унитар кәрханасының Қарақалпақстан филиалына берилиўин қадағалаўға алыў ўазыйпалары жүклетилсин.

4. Республика билимлендириў орайы (Қ.Жубанов)на:

оқыў қарақалпақ тилинде алып барылатуғын мектеплердиң сабақлықлар ҳәм оқыў-методикалық қолланбаларының макет ҳәм сигнал нусқаларын баспаға таярлаў, орнатылған тәртипте тастыйықлаў ҳәм де сабақлықлар ҳәм оқыў-методикалық қолланбаларының электрон файлларын басып шығарыў ушын Тендер ҳәм таңлаў саўдаларында жеңимпаз болған (яки туўрыдан-туўры шәртнама дүзиў тийкарында басып шығарылатуғын) баспа ҳәм полиграфиялық кәрханаларына усыныс етиў;

район(қала)лық халық билимлендириў бөлимлери менен биргеликте баспа ҳәм полиграфиялық кәрханалары тәрепинен басып шығарылатуғын сабақлықлар ҳәм оқыў-методикалық қолланбаларының, сабақлықлардың мультимедия қосымшаларының сыпатын тексериў, өз ўақтында қабыл етиў ушын Халық билимлендириў министрлиги тәрепинен белгиленген мүддетлерде тийисли пән методистлерин ҳәм әмелиятшы муғаллимлердиң қатнасыўын тәмийинлеў ўазыйпасы жүкленсин.

5. «Транспорт ҳәм логистика» Мәмлекетлик унитар кәрханасының Қарақалпақстан филиалы (Ө.Баймуратов)на:

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң ўалаятлар кесиминдеги тастыйықланған бөлистирилиўи тийкарында «Транспорт ҳәм логистика» Мәмлекетлик унитар кәрханасы тәрепинен жеткерилип берилген сабақлықлар ҳәм оқыў-методикалық қолланбаларын барлық билимлендириў мәкемелерине толық ҳәм сыпатлы жеткерип бериў;

сабақлықлар ҳәм оқыў-методикалық қолланбаларын билимлендириў мәкемелерине жеткерилиўи бойынша ҳәр ҳәптелик есабатларды министрликтиң **сабақлықлар ҳәм әдебиятлар секторына** бериў ўазыйпасы жүкленсин.

5. Барлық район(қала)лық халық билимлендириў бөлимлери ҳәм Республикалық бойсыныўдағы билимлендириў мәкемелери басшыларына:

ҳәр бир улыўма орта билим бериў мәкемелериниң сабақлықлар ҳәм оқыў-методикалық қолланбаларды қабыл етип алыў бойынша комиссия жумысын шөлкемлестириўди қадағалаўға алыў;

2021-2022-оқыў жылында басып шығарылатуғын сабақлық ҳәм оқыў-методикалық қолланбаларын қабыл етип алыў тәртибин барлық улыўма орта билим бериў мектеплерине енгизилиўин қатаң қадағалаўға алыў;

улыўма орта билим бериў мәкемелериниң сабақлықларды қабыл етип алыў комиссияларының қурамын қайта көрип шығыў, олардың жумысын дурыс шөлкемлестириў ҳәм де сабақлықларды қабыл етип алыўға байланыслы тийисли ҳүжжетлер ҳәм мағлыўматлар менен тәмийинлеў;

Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлиги, Финанс министрлиги, Мәдений ҳәм спорт министрлиги, Өзбекстан Баспасөз ҳәм хабар агентлигиниң 2014-жыл 20-марттағы 14, 25, 15-ққ, 08-05-04-санлы қарары менен тастыйықланған (Әдиллик министрлиги тәрепинен 2014-жыл 28-апрельде 2577-саны менен дизимнен өткен) «Улыўма орта билим бериў мектеплерин сабақлықлар ҳәм оқыў-методикалық қолланбалары менен тәмийинлеў тәртиби ҳаққында»ғы Реже талаплары тийкарында улыўма орта билим бериў мектеплериниң китапханаларындағы сабақлықлар ҳәм оқыў-

методикалық қолланбаларын ҳәм де басқада әдебиятларды толық инвентаризациядан өткериў;

инвентаризация нәтийжелери ҳәм де оқыўшылар контингентин талқылаған ҳалда сабақлықлар ҳәм оқыў-методикалық қолланбаларын класслар, мектеплер кесиминде қайта бөлистириў ўазыйпалары жүклетилсин.

6. Улыўма орта билим бериў мәкемелериниң сабақлықларды қабыл етип алыў комиссияларының жумысларын қадағалаў, оқыўшыларды сабақлықлар менен толық тәмийинлеў жеке биринши басшының жуўапкершилигине жүклетилетуғынлығы белгиленип өтилсин.

7. Баспа сөз хаткери(Т.Дәўлетмуратов)не:

усы бағдардағы жумысларды ғалаба хабар қураллары арқалы кең жәмәәтшиликке таныстырып барыўды шөлкемлестириў ўазыйпасы тапсырылсын.

8. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министрдиң биринши орынбасары ў.ў.а Қ.Бекбаўлиевқа жүклетилсин.

Министр Р.Реимов

Нөкис қаласы
2021-жыл «16» июнь
№151